



Pou Piblikasyon Imedya: 25/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PASE ENSTRIKSYON AK DIVIZYON DWA MOUN ETA A POU  
ENVESTIGE SWADIZAN KRIM RAYISANS SOU ELÈV NAN GOUVERNEUR**

"Mwen santi m konstène ak rapò sou atak rasis orib ki dire 20 minit sou yon tifi Ameriken Nwa ki gen 10 ane nan vil Gouverneur. Dèske se pwòp kamarad klas li ki te swadizan fè sa, nan yon bis lekòl ak yon kontwolè granmoun prezan, rann ensidan sa a plis chokan ak twoublan ankò. Lè nou mete timoun nou yo nan bis pou lekòl la, nou konfye ak lòt moun resous ki plis presye nou yo epi sa te yon vyolasyon flagran ak inekskizab konfyans sa a.

Fas ak monte resan nan krim rayisans ak zak diskriminatwa yo, nan lete sa a mwen te siyen lejislasyon ki te etann otorite Divizyon Dwa Moun (Division of Human Rights, DHR) Eta New York la pou ankete sou ensidan diskriminasyon nan lekòl piblik yo, gen ladan nan bis lekòl yo. Mwen ap bay DHR la enstriksyon pou ouvri yon ankèt sou zak detestab sa a imedyatman, epi, si sa aplikab, pou pran aksyon an jistis, nan tout mezi lalwa pèmèt kont otè yo. Mwen ap bay enstriksyon tou ak Fòs Entèvansyon kont Krim Rayisans nan Lopolis Eta (State Police Hate Crimes Task Force) a pou bay otorite lokal yo nenpòt resous yo bezwen pou ede nan ankèt yo a.

Nan New York, kèlkeswa vyolans lan kont lòt moun ki baze sou ras oswa relijyon yo pa sèlman ofansan ak repiyan pa rapò ak valè nou yo, li ilegal. Nou pap janm pèmèt rayisans genyen - nou pral eradike li epi nou pral kontinye itilize tout zouti ki nan dispozisyon nou pou ede asire tout timoun nou yo an sekirite anba rayisans".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)